

La Bib pou ti moun
prézanté

Mirak Jezi yo



Ékri pa : Edward Hughes

Ilistré pa : Byron Unger; Lazarus
Alastair Paterson

Adapté pa : E. Frischbutter; Sarah S.

Tradwi pa : Ausky Salomon

Pwodwi pa : Bible for Children
www.M1914.org

©2025 Bible for Children, Inc.

Lisans : Ou gen dwa pou copyé o swa fè fotocopi istwa sa,
dépi sé pa pou van-n ou fè li.



Jezi te fè anpil mirak. Mirak yo se te siy ki te montre Jezi se te Pitit Bondye toutbonvre. Premye mirak la te rive fèt pandan yon resepsyon maryaj. Yon pwoblèm te rive. Pa te genyen ase diven pou tout envite yo.



Mari, manman Jezi, t ale kote pitit gason li a epi li te rakonte l pwoblèm nan. Apre sa, li di sèvitè yo pou yo fè tout sa Jezi te mande yo pou yo fè.



"Plen resipyan sa yo ak dlo," Jezi te di.
"Dlo ?" yo te pètèt mande. Wi, se dlo
menm Jezi te mande.



Aprè sa, Jezi te mande
youn nan sèvitè yo pou li
pote youn nan veso yo bay
nonm ki te responsab
manje a pou l kapab
goute li. Dlo a te
tounen diven ! Bon
diven ! Pi bon
diven an !



Sèvitè yo te sezi. Jezi
te fè dlo an tounen diven.
Se sèlman Bondye ki te
ka fè mirak sa yo.



Jezi te fè lòt mirak
tou. Yon jouswa, Jezi
ak disip li yo te ale
lakay Pyè. Bèlmè Pyè a
te malad anpil. Li te
genyen lafyè.



Jezi te touche men malad la. Nan yon timoman, li te santi l pi byen. Li te leve kanpe epi li te sèvi Jezi ak disip li yo.



Nan menm aswè sa a, ta sanble tankou se tout vil la ki te rasanble devan lakay Pyè. Anpil moun malad te vini —avèg, soud, enfim. Te menm genyen moun ki te gen move lespri sou yo. Èske Jezi te kapab ede tout moun sa yo ?



Jezi, Pitit Bondye a, te kapab ede yo. Jezi te ede yo. Tout moun ki te vin jwenn Jezi yo te geri. Moun ki te dwe mache pandan tout lavi yo ak beki te kapab mache kounye a, kouri ak menm sote.




Lòt moun te vin
vini ankò. Moun
lèp te defòme.



Mak lèp yo te kite
yo tout depi kou
Jezi te geri yo a.



Gason ak fanm ki te gen move lespri sou yo te kanpe devan Jezi. Li te bay demon yo lòd pou yo soti sou yo. Kou demon yo te obeyi Jezi, moun ki te pè ak tris yo te vin kalme yo epi yo te genyen kè kontan.



Dèyè foul la, te genyen kat mesye ki t ap eseye ede zanmi yo pwoche bò kote Jezi. Men, akòz gwo foul moun nan, yo pa te ka pwoche ase. Kisa yo te kapab fè ?



Kat zanmi fidèl yo te pote malad
la sou do kay la, yo te dekouvri
do kay la epi yo te desann
zanmi yo a nan tou a.

Kounye a, li te
toupren Jezi.



Jezi te wè kat
zanmi yo te genyen
lafwa. Li di nonm
malad la : "Peche w
yo padonnen. Pran
kabann ou, epi
mache." Nonm nan
te leve. Li te byen
epi li te fò. Jezi
te geri li.



Yon tikras tan apre sa, Jezi te nan
yon bato avèk disip li yo. Yon gwo
tanpèt t ap souke lanmè a.

Jezi t ap dòmi. Disip yo, ki te
pè anpil, te reveye li.

Yo te rele byen fò :

"Senyè, sove nou !

Nou pral mouri !"



"Kalme nou," Jezi te bay vag yo lòd. Menm lè a, lanmè a te vin trankil. "Ki kalite moun nonm sa a ye?" disip li yo t ape chuichui chuichui. "Menm van an ak dlo a te obeyi li!" Yo te kwè Jezi se te Pitit Bondye a paske mirak li yo te pwouve glwa li. Disip yo pa te konnen lè sa a si yo t apral wè Jezi fè mirak ki pi gwo pase

sa yo te wè deja yo pandan tan li t ap sèvi Bondye nan mitan lèzòm yo.



Mirak Jezi yo

Yon istwa soti nan pawòl Bondyé-a, la Bib,

Nap jwen-n nan

Matye 8-9, Mak 1-2, Mak 4,
Lik 4, Lik 8, Jan 2

"Pawòl Bondyé poté limyè."
Sòm 119 : 130



Fen



Istwa biblik sa rakonté nou kòman ké gen yon mèvèyé Bondyé ki kréyé nou é ki vlé pou ou konnen Li tou.

Bondyé konnen ké nou fè mové aksyon ki rélé péché. Pinisyon pou péché sé lanmò. Sèlman Bondyé renmen nou si tèlman ké Li voyé sèl gren-n pitit Li-a Jézi, ki mouri sou lakwa pou nou, dékwa pou Li sa péyé dèt péché nou yo pou nou. Apré sa Jézi té résisité, é Li monté nan syèl la ! Ou men-m tou, si ou kwè nan Jézi é si ou mandé Li ak tout kè-w pou Li padoné péché ou yo, L'ap fè sa pou ou ! L'ap rantré nan lavi-w touswit é wap maché avèk Li pou tout tan.

Si ou kwè ké sa ou fèk sot tandé-a sé la vérité, résité priyé sa :
"Sényè Jézi, mwen kwè ké ou sé pitit Bondyé, mwen kwè ké ou té mouri pou mwen épi ou résisité ankò. Tanpri, rantré nan lavi mwen, padoné péché mwen yo, pou mwen sa gen yon nouvo lavi kounyé-a la, konsa lè gran jou-a va rivé, m'a va abité avè-w nan rwayòm ou an pou l'éternité. Édé-m obéyi-w é édém viv pou ou an tan ké pitit ou. Amèn.

Li La Bib ou épi palé ak Bondyé chak jou ! Jan 3 : 16

